

PWOGRAM ASENSIMAN SIT DEM YO

KIYÈS NOU YE

Depatman Rhode Island pou Jesyon Anviwònman (Rhode Island Department of Environmental Management, DEM) an se ajans eta ki gen responsabilite pou prezèvè kalite anviwònman Rhode Island lan. Nan lane 1995, Rhode Island te adopte Lwa sou Asenisman ak Re-italizasyon Pwopriyete Endistriyèl la (ki amande nan lane 1997 la) epi li te mete sou pye yon pwogram volontè pou fè netwayaj nan frich endistriyèl yo atravè DEM. Lwa sa te kreye Pwogram Asenisman Sit Biwo Modènizasyon Tè ak Jesyon Materyèl Dirab (Office of Land Revitalization & Sustainable Material Management, LRSMM) la. Pwogram sa ankouraje ak sipòte re-amenajman ak re-italizasyon pwopriyete ki kontamine yo toupatou nan RI. Yo te mete pwogram sa sou pye pou founi yon règlemantasyon ekitab, konplè e koyeran sou envestigasyon ak asenisman dechè ki danje, materyèl ki danje, ak rejè petwòl. Pwogram eta a fèt pou detèmine si yon sit prezante pwoblèm pou sante moun ak pou anviwònman an ak pou yo rive jwenn yon solisyon ki efikas men ki p ap twòp pou pati ki enplike yo.

OBJEKTIF PWOGRAM NAN

Objektif Pwogram Asenisman Sit la se reglemente ak founi yon sipèvizon teknik pou envestigasyon an ak asenisman rejè dechè ki danje oswa materyèl ki danje pou anviwònman an; pou asire ke envestigasyon ak aktivite asenisman sa yo fèt defason regilye pou pwoteje sante mou ak anviwònman an kòmsadwa; ak pou aplike règlemantasyon konsènan fason pou byen jete dechè ki danje ke moun abandone yo.

PWOSESIS LA

Pou netwaye yon sit ki kontamine sa mande pou fè envestigasyon, planifikasyon ak pou poze aksyon.

(Rules and Regulations for the Investigation and Remediation of Hazardous Material Releases) (<https://rules.sos.ri.gov/regulations/part/250-140-30-1>) defini ki tip dokiman espesifik ki nesesè, oswas ki ka nesesè nan kad pwoesis sa a:

- Notifikasiyon sou Rejè a
- Plan Travay pou Envestigasyon Sit (SIWP) la
- Avi Envestigasyon Piblik
- Rapò sou Envestigasyon Sit (SIR) la
- Avi Piblik sou Envestigasyon Sit ki Fini ak Peryòd Kòmantè Piblik sou Fezabilitite Teknik Solisyon yo Pwopoze a
- Plan Mezi Korektif (RAWP)
- Mezi Korektif
- Rapò sou Fèmti
- Restrikson Anviwònmantal sou Itilizasyon Tè (ELUR), si sa aplikab

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON, TANPRI, KONTAKTE:

Kontakte DEM ki nan Lèt ki Nan
Dokiman sa a
RIDEM/OLRSMM – Site Remediation
235 Promenade Street, Suite 380
Providence, RI 02908
Telefòn: 401-222-2797
Imèl: W ap jwenn li nan Lèt la

OSWA Ashley L. Blauvelt, P.E.,
Enjenye Anviwònmantal IV
RIDEM/OLRSMM – Site Remediation
235 Promenade Street, Suite 380
Providence, RI 02908
Telefòn: 401-537-4309
Imèl: Ashley.blauvelt@dem.ri.gov

Pwogram Asenisman Sit Depatman Rhode Island pou Jesyon

Anviwònman an ak Jistis Anviwònmantal

FRICH ENDISTRIYÈL

KISA YON FRICH ENDISTRIYÈL YE

Frich endistriyèl yo se byen yo ye, kote prezans oswa prezans potansyèl yon sibstans ki danje, yon polyan oswa yon kontaminan ka rann li difisil pou elaji, re-amenaje oswa re-italize yo.

DETÈMINE SI YON SIT SE YON FRICH ENDISTRIYÈL OSWA SI SE YON SIT KI KONTAMINE

Pou detèmine si yon sit se yon frich endistriyèl, ou dwe fè yon Ealyasyon Sit Anviwònmantal (ESA) Faz I. Sa pral pèmèt ou detèmine istorik pwopriyete ki enterese w la. ESA Faz I an pral pèmèt ou detèmine tou nenpòt Enkyetid Anviwònmantal nou Rekonèt (REC yo). Si w detèmine REC yo, w ap fè yon ESA Faz II, ki rele tou yon envestigasyon sit. ESA Faz II a pral pèmèt ou detèmine si gen kontaminasyon nan yon sit.

TIP KONTAMINAN

- Metal
- Konpozan Òganik Volatil (VOC yo)
- Semi-VOC yo
 - Idwokabi Awomatik Poliklitik (PAH yo)
- Bifenil Poliklore (PCB yo)
- Idwokabi Petwòl

EGZANP FRICH ENDISTRIYÈL YO

- Moulen Abandone
- Gazolin ak Pomp Gaz
- Konpayi Fabrikasyon
- Près
- Enprimri
- Sant Komèsyal / Sant Komèsyal Anliy
 - Estidyo Bote
 - Amelyorasyon nan Kay / Magazen Penti
- Klinik Doktè, Dantis, Veterinè
- Fèm ak Vèje

AVANTAJ POU RE-AMENAJMAN YON FRICH ENDISTRIYÈL

- Enfrastrikti ki deja egziste
- Ensitatyon fiskal
- Konsantrasyon nan travay
- Amleyore sante ak sekirite piblik
- Amleyore kalite lè ak dlo
- Prezèvè moniman istorik ak achitekti patrimwàn
- Anbeli peyizaj iben yo
- Diminye sou degradasyon nan katye
- Fasilitate kwasans anplwa

POSIBLITE POU RE-AMENAJMAN

- Epas Louvri / Espas Ekologik / Teren Atletik
- Lojman Abòdab
- Espas Endistriyèl/Komèsyal
- Espas Itilizasyon Miks
- Ak anpil lòt toujou!

JISTIS ANVIWÒNMANTAL

KÖMAN SA KÖMANSE

Akoz istwa ak eritaj endistriyèl Rhode Island lan, aktivite nan pase yo te afekte anpil pwopriyete nan Eta a. Enpak yo gen ladan yo kontaminasyon anviwònmantal akoz lwil ak sisbtans chimik ki danje ke yo itilize nan kad operasyon sa yo. Anpil nan vil ki sibi enpak yo plase nan sant iben yo nan Eta a. Nan anpil ka, popilasyon ki gen revni ki ba ak popilasyon minorité yo ap viv nan kominote ki ozalantou sit yo. Popilasyon sa yo te sibi anpil inegalite istorik. Atake inegalite sa yo ak founi yon pwoesis ekitab ki efikas pou patispasyon alavni nan pwojè asenisman sit yo se prensipal pwopozisyon jistis anviwònmantal la.

KISA JISTIS ANVIWÒNMANTAL (EJ) LA YE

EJ se tretman ekitab ak patispasyon enpòtan tout moun kèleswa laj, koulè, orijinal nasional, oswa revni li, konsènan developman, aplikasyon, ak egzekisyon lwa, règleman ak politik anviwònmantal yo.

KISA YON ZÒN EJ JE

Yo defini zòn konsantrasyon EJ yo kòm blòk gwoup Resansman Etazini ki nan nivo kenz pousan ki pi elve (15%) a pami tout gwoup blòk Resansman yo nan RI konsènan pousantaj popilasyon yo idantifye kòm minorite rasyal yo oswa pousantaj kezn pousan ki pi elve (15%) a nan gwoup blòk resansman RI yo konsènan pousantaj popilasyon yo idantifye ki gen revni ki de fwa siperyè oswa enferyè ak nivo povrete federal la (lè yo itilize done ki pi resan epi ki disponib pi fasil nan Resansman Etazini an).

ÈSKE PWOPRIYETE M NAN NAN YON ZÒN EJ

Verifye kat ArcGIS DEM nan:

<https://ridemgis.maps.arcgis.com/apps/webappviewer/index.html?id=87e104c8ad>
b449eb9f905e5f18020de5

KÖMAN DEM ABÒDE EJ

Konsilte RIGL §23-19.14-5 pou jwenn plis enfòmasyon sou ekite anviwònmantal ak patispasyon piblik.

